

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métođe jeung Tehnik Panalungtikan

3.1.1 Métođe Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna (Arikunto,2006:160). Métođe mangrupa cara nu baris dipake pikeun alat bantu dina ngahontal hiji tujuan. Luyu jeung wangenan diluhur, Métođe mangrupa hiji cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu lengkep jeung ngahontal tujuan panalungtikan.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métođe ékspérimén. Desain nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta desain *pre-test and post-test group*. Ieu desain digunakeun di dua kelas, nya éta kelas VIIb jeung VIIf minangka kelas percobaan (kelas eksperimen). Di kelas VIIb panalungtik ngayakeun *pretest* anu saterusna ngalaksanakeun proses diajar ngagunakeun métođe Ceramah anu dipungkas ku *posttest*, kitu ogé di kelas VIIf panalungtik ngayakeun *pretest* anu saterusna ngalaksanakeun kagiatan diajar ngagunakeun métođe *Picture and Picture* anu dipungkas ku *posttest* pikeun ngukur kamampuh siswa dina narima materi.

Sanggeus meunang hasil *pretest* jeung *posttest* hasil diajar siswa dina ngagunakeun métođe Ceramah jeung métođe *Picture and Picture* saterusna data

diolah jeung dibandingkeun tingkat éféktifitasna. Sacara leuwih jéntré desain panalungtikan bisa dititénan di handap ieu :

DESAIN PANALUNGTIKAN

O_1	$X_{ceramah}$	O_2
O_3	$X_{Picture}$	O_4

Katerangan :

O_1 = Hasil *pretest* siswa kelas ékspérimén anu ngagunakeun metodé Ceramah

O_2 = Hasil *posttest* siswa kelas kontrol anu ngagunakeun metodé Ceramah

X = “Perlakuan” di kelas ékspérimén anu ngagunakeun metodé Ceramah atawa *Picture and Picture*

O_3 = Hasil *pretest* siswa kelas ékspérimén anu ngagunakeun metodé *Picture and Picture*

O_4 = Hasil *posttest* siswa kelas kontrol anu ngagunakeun metodé *Picture and Picture*

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Sakumaha nu dijenterkeun ku Arikunto (2006:130) “ Populasi adalah keseluruhan subjék penelitian”. Dumasar kana eta konsep, populasi dina ieu

panalungtikan nya éta sakabeh karangan deskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 15 Bandung, anu bisa di titenan dina tabel dihandap.

Tabél 3.1

Populasi

Kelas	Siswa		Jumlah
	awéwé	lalaki	
VII/a	24	22	46
VII/b	24	20	44
VII/c	23	22	45
VII/d	23	23	46
VII/e	27	18	45
VII/f	23	17	40
VII/g	29	17	46
Jumlah	173	139	312

3.2.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi nu ditalungtik (Arikunto, 2006:131). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun random sampling ku cara diundi pikeun nangtukeun sampel siswa di acak teu dipilih-pilih.

Anu kaluar sabada diundi nya éta kelas VIIb, jeung VIIf anu jumlahna 84 siswa. Jumlah sampel bisa dititinan dina table di handap.

Tabél 3.2

Sampel

Kelas	Siswa		Jumlah
	Awewe	Lalaki	
VII/ b	24	20	44
VII/f	23	17	40
jumlah	47	37	84

3.3 Prosedur Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara tés. Tés nya éta saruntuyan pertanyaan atawa latihan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat nu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto,2002:127).

Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya eta *pretest* jeung *posttest* anu dibikeun ka siswa nu jadi sampel panalungtikan. *pretest* dibikeun ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi saacan ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture*. Sedengkeun *posttest* dibikeun ka

siswa sabada ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture* pikeun ngukur hasil diajar siswa.

3.3.2 Instrumen Panalungtikan

a) Tés

Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés prestasi anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Pikeun ngukur tingkat kaefektifan métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture* dina pangajaran nulis karangan déskripsi dilakukeun dua kali tés nya éta pretés jeung postés anu satuluyna eta hasil pretés jeung postés teh dibandingkeun pikeun mikanyaho aya henteuna beda anu signifikan tina hasil pretés jeung postés anu ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture*.

Dina nulis karangan siswa bébas milih topik karangan anu geus disadiakeun. Dina pratés siswa nyieun karangan déskripsi tanpa dibere heula matéri pangajaran ngeunaan nulis karangan deskripsi, terus hasilna dipeunteun pikeun mikanyaho skor awal. Satuluyna siswa nyieun karangan déskripsi sabada dibéré treatment ngeunaan pangajaran nulis ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture* nu mangrupa postés.

Pikeun ngababarikeun dina ngalakukeun panalungtikan hasil nulis karangan déskripsi, peneliti kudu ngabogaan skala peunteun pikeun pedoman panalungtikan. Kriteria meunteun hasil karangan nya éta:

Tabél 3.3

Kriteria Meunteun Hasil Karangan

Kamampuh nulis karangan deskripsi	Skor	tingkat
1	2	3
Ējahan (nuliskeun kecap, aksara, jeung ngalarapkeun tanda baca)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Paragraf (cara mekarkeun paragraf)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Eusi (cara mekarkeun eusi jeung kualitas eusi)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Karapihan tulisan	5	Hadé pisan
	4	Hadé

	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah skor	20-4	
peunteun	10-2	

Pikeun meunang peunteu akhir ngagunakeun rumus :

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100\%$$

Katerangan:

1. Éjahan, nya éta kamampuh siswa dina nulis aksara, kecap jeung ngalarapkeun tanda baca dina tulisan.
2. Cara mekarkeun paragraf, nya eta kamampuh siswa dina mekarkeun hiji paragraf anu sinambung (ayana hubungan) antara hiji paragraf jeung paragraf satuluyna.
3. Cara mekarkeun eusi karangan jeung kualitas eusi, nya éta kamampuh siswa dina kaparigelan mekarkeun idé/gagasan jeung pamilihan diksi nu bener sahingga jadi karangan nu logis.
4. karapihan tulisan, nya éta tampilan tulisan anu jelas, sistematis tur kabaca.

- Contoh instumén tés keur siswa kelas kontrol nu ngagunakeun métode Ceramah:

TÈS NGARANG

Pék jieun karangan deskripsi kalawan ngagunakeun basa nu bener tur merenah tina topik-topik nu geus ditangtukeun. Pilih salah sahiji topikna!

- a. Wisata Gunung Tangkuban Parahu
- b. Wisata Pamandian Ciater
- c. Wisata Kawah Putih Ciwidey
- d. Wisata Curug Cimahi

- Contoh instumén tés keur siswa kelas eksperimen ngagunakeun métode *picture and pictura*

TÈS NGARANG

Pék jieun karangan deskripsi kalawan ngagunakeun basa nu bener tur merenah tina gambar jeung topik-topik nu geus ditangtukeun. Pilih salah sahiji topikna!

- a. Wisata Gunung Tangkuban Parahu



b. Wisata Pamandian Ciater



c. Wisata Kawah Putih Ciwidey



d. Wisata Curug Cimahi



3.4 Pedoman Ngolah Data

3.4.1 Uji Normalitas

Ngayakeun uji normalitas tujuanna pikeun mikanyaho normal-henteuna data nu mangrupa hasil karangan siswa anu ngagunakeun rumus chi kuadrat. Samemeh ngagunakeun rumus chi kuadrat, dilakukeun langkah-langkah saperti di handap:

1. Nangtukeun rata-rata nilai tina unggal tes, ngagunakeun rumus:

a. Ngitung mean atawa rata-rata nilai *pretest* (X_1):

$$X_1 = \frac{\sum f \cdot x}{N}$$

Keterangan:

X_1 : rata-rata nilai *pretest*

$\sum fx$: jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

b. Ngitung mean atawa rata-rata nilai *posttest* (X_2)

$$X_1 = \frac{\sum f \cdot x}{N}$$

Keterangan:

X_1 : rata-rata nilai *posttest*

$\sum fx$: jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

2. Neangan standar deviasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{\sum fx^2}{N} - \left(\frac{\sum fx}{N}\right)^2}$$

Keterangan:

SD : Standar Deviasi

$\sum fx^2$: jumlah frekuensi nilai

$(\sum fx)^2$: jumlah frekuensi nilai x kuadrat

N : jumlah subjek panalungtikan

3. Nyieun daftar frekuensi jeung frekuensi eksektasi nu ngawengku:

a) nangtukeun jumlah kelas (k), ngagunakeun rumus: $k = 1 + 3,3 \log n$

b) nangtukeun rentang kelas (r) nya éta: skor panggedena-skor pangleutikna

c) nangtukeun panjang kelas (p), ngagunakeun rumus: $p = r/k$

d) nangtukeun kelas frekuensi observasi (O_i)

e) nangtukeun batas kelas (b_k)

f) nangtukeun z (transformasi normal standar bebas kelas) ngagunakeun rumus:

$$z = \frac{(bk - x)}{SD}$$

g) nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

h) nangtukeun rumus-rumus frekuensi ekspektasi (E_i), ngagunakeun rumus:

$$E_i = N \times L \text{ (dijieun hiji desimal)}$$

4. Nangtukeun nilai X^2 (chi-kuadrat) maké rumus:

$$X^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

5. Nangtukeun normalitas ngagunakeun kriteria:

a) Upama $X^2_{itung} < X^2_{daftar}$ hartina data atawa populasi distribusina normal.

b) Upama nilai $X_{itung}^2 > X_{daftar}^2$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

3.4.2 Uji Homogénitas

Uji kasamaan varians (homogénitas) digunakeun pikeun nguji naha data-data nu dijadikeun éta panalungtikan homogén atawa henteu. Salah sahiji sarat supaya uji homogenitas bisa dilaksanakeun nya éta lamun datana kabukti distribusina normal. Pikeun nguji homogénitas, ngahunakeun uji Bartlett. Léngkah-léngkahna nyaéta :

1. Nyieun tabél uji Bartlett

Tabel 3.4

Tabel Uji Bartlett

Kelompok	dk	$\frac{1}{dk}$	S_1^2	$\log S_1^2$	$dk \log S_1^2$

2. Nangtukeun variansi masing-masing kelompok, ngagunakeun rumus:

$$S_1 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

3. Ngitung S^2 (sakabéhna) kalayan rumus :

$$S^2 = \frac{\sum (n_1 - 1) S_1^2}{\sum (n_1 - 1)}$$

4. Ngitung $\log S^2$

5. Ngitung B kalayan rumus :

$$B = (\log S^2) \sum (n_1 - 1)$$

6. Ngitung X^2 itung, kalayan rumus :

$$X^2 = (2,3026) B - (n_1 - 1) \log S^2$$

7. Néangan X^2 tabel

8. Uji Homogenitas

Pikeun nangtukeun homogénitas dua varians *pratest* jeung *posttest* digunakeun kriteria saperti di handap.

$F_{itung} < F_{tabel}$, hartina variansi sampel homogén, sedengkeun $F_{itung} > F_{tabel}$, hartina variansi sampel teu homogén.

3.4.3 Uji Hipotesis (Uji t)

Uji t dilaksanakeun upama data populasina mibanda distribusi normal tur variansina homogén. Uji t digunakeun pikeun nguji signifikan béda dua rata-rata (mean) pikeun ngabuktikeun hipotesis, langkah-langkahna saperti ieu di handap.

1. Nangtukeun harga t_{itung} ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{\bar{X} - \bar{X}_1}{\sqrt{\frac{SD_1^2}{N} + \frac{SD_2^2}{N}}}$$

4) Nangtukeun harga t table

Harga t_{tabel} dina panarimaan hipotesis

$t_{\text{tabel}} < t_{\text{hitung}}$ hipotesis ditolak

$t_{\text{tabel}} > t_{\text{hitung}}$ hipotesis ditarima

3.4.4 Ngitung Gain

Lengkahna nya éta ngabandingkeun rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* sarta kamampuh nulis karangan deskripsi pikeun siswa kelas Ceramah jeung kelas *Picture and Picture*.